

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangukungan ku ayana struktur jeung unsur anu béda dina dua naskah drama anu galurna idéntik. Ieu dua naskah drama ogé ngagunakeun basa anu béda nyaéta naskah drama “Nu Jaradi Korban” ngagunakeun basa Sunda, sedengkeun naskah drama ”Ayahku Pulang” ngagunakeun basa Indonésia. Salian ti éta, ieu dua naskah ogé kungsi sababaraha kali dipintonkeun di sanggar-sanggar khususna di Bandung, naskah “Nu Jaradi Korban” diasupkeun dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS) kalayan dua kali dina taun 2018-2019 jeung taun 2012, taun 2012 dipaké di FDBS umum, sedengkeun 2018-2019 dipake di FDBS pelajar. Dua naskah ieu kaitung remen dipentaskeun ku sababaraha sanggar kampus contona wae Téater Lima Wajah kungsi mawa lakon “Nu Jaradi Korban”, Sambada kungsi ngalakonkeun “Nu Jaradi Korban” ku *genre* longsérna. Kitu oge téater Awal UIN kungsi mawakeun “Ayahku Pulang”.

Dina mesék objék panalungtikan, panulis maké pamarekan struktural pikeun nganalisis dua karya anu ditalungtik. Anu ditalungtik téh nyaéta struktur naskah drama anu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan/*scene*, solilokui/monolog, kramagung, aside, jeung épilog. Salian ti éta, dianalisis ogé unsur carita dramana, nyaéta téma jeung fakta carita anu ngawengku tokoh, galur, jeung latar carita. Tujuan anu kahontal dina panalungtikan sakumaha anu geus ditepikeun saméméhna, nya éta maluruh 1) struktur naskah drama; jeung 2) babandingan naskah drama. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, dipilih métode sastra bandingan. Tuluy, dina ngumpulkeun data objék panalungtikan, péso analisis anu dipaké nyaéta pamarekan struktural Stanton jeung métode sastra bandingan.

Struktur naskah drama anu hadé téh nyaéta anu miboga dalapan struktur di jerona, kayaning prolog, dialog, babak, adegan/*scene*, kramagung, solilokui/monolog, aside, jeung épilog. Tina dua objék anu ditalungtik, naskah drama “Ayahku Pulang” miboga dalapan struktur kalawan lengkep. Naskah drama “Nu Jaradi Korban” ngan saukur nyampak tujuh struktur naskah drama nyaéta prolog, dialog, babak, adegan/*scene*, kramagung, aside, jeung solilokui/monolog.

Dumasar kana éta hal, tandes pisan yén naskah drama “Nu Jaradi Korban” anu eweuh struktur épilogna henteu ngurangan ésénsi dina panulisan naskah drama.

Unsur carita drama tina masing-masing naskah, réana kapanggih dina galur carita jeung penokohanana. Diantara ieu dua naskah pasti aya silih mangaruhan boh R.H Suryalaga boh Usmar Ismail. Ieu hal bisa katitén dina lobana carita anu sarua dina bagian galur jeung watek tokohna. Teu kapaluruh bukti sacara tinulis saha nu mimiti nyieun naskah antara R.H Suryalaga jeung Usmar Ismail. Upama dipatalikeun jeung eusi carita, naskah drama “Nu Jaradi Korban” leuwih nyoko kana jaman organisasi terlarang dina taun 1969.

Babandingan naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung naskah drama “Ayahku Pulang” téh réa pisan anu saruana. Tina struktur naskah drama, naskah “Ayahku Pulang” anu henteu lengkepna. Éta hal dilantarankeun ku kasang tukang pangarangna anu béda. Ku kituna, éta hal mangaruhan kana tata tulis struktur naskah drama anu dijieun. Tina unsur caritana, naskah drama “Ayahku Pulang” leuwih punjul batan naskah drama “Nu Jaradi Korban”. Naskah Usmar Ismail leuwih lengkep jeung detil dina kramagungna lantaran boga kasang tukang dina widang film. Sedengkeun karya R.H Suryalaga leuwih beunghar ku ma’na nu nyamuni.

## 5.2 Implikasi

Struktur jeung unsur carita naskah drama dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang” bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan Sunda, hususna dina garapan naskah drama.

Babandingan struktur jeung unsur carita dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang” bisa ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra bandingan, lantaran dina ieu dua naskah loba pisan hal-hal anu bisa dibandingkeunana.

## 5.3 Rékoméndasi

Dina panalungtikan, moal leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga sababaraha kahéngkéran dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep kaonjoyan dina ieu panalungtikan sanajan saeutik bisa jadi

kahadéan, utamana bisa méré mangpaat dina mekarkeun pangaweruh jeung kamekaran dina studi sastra bandingan. Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun mahasiswa, Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, jeung pamaréntah.

Mahasiswa, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah sastra bandingan tur bisa dituluykeun ku panalungtikan-panalungtikan anu leuwih hadé, lantaran ieu panalungtikan masih kénéh kurang tur bisa diguar leuwih jero dina panalungtikan-panalungtikan satuluyna. Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna naskah drama mata kuliah sastra. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi bahan rujukan dina mata kuliah pilihan sastra bandingan di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI. Pamaréntah, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun éksisténsi sastra Sunda anu di jerona ngaguar perkara budaya jeung kahirupan urang Sunda, sangkan meunang panitén anu leuwih ti pamaréntah.